«Tastıyıqlayman»

QaraqalpaqstanMedicina

institutırektorı

_______ m.i.d.,prof. O.A.Ataniyazova

«__4__» __02______2022j.

**Qaraqalpaqstan medicina institutı**

**Ilimiy Keńesi**

**N I Z A M I**

**1. Ulıwma qağıydalar**

1. 1. Qaraqalpaqstan medicina institutınıń barlıq normativ hújjetleri Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń «Qaraqalpaqstan medicina institutın shólkemlestiriw hám bul tarawda kadrlar tayarlaw sistemasın jáne de jetilistiriw tuwrısında» 2020-jıl 14-fevraldaği PQ-4598-san qararına muwapıq, Ózbekstan Respublikasınıń «Tálim tuwrısındaği» (Ózbekstan Respublikası OliyMajilisiniń Axborotnomasi, 1997 j. 9-san, 225-modda) hám "Kadrlar tayarlaw milliy programması tuwrısındaği» (Ózbekstan Respublikası Oliy Majilisiniń Axborotnomasi, 1997 j. 11-12-san, 295-modda) nızamlarına, «Joqarı tálim tuwrısındaği»Nızamğa, Joqarı hám orta arnawlı bilimlendiriw Ministirliginiń 2011 jıl 3 dekabrdegi «Namunaviy tártip hám qağıydalardı tastıyıqlaw tuwrısındaği» 487-sanlı buyrığı menen tastıyıqlanğan "Joqarı tálim shólkeminiń Ilimiy keńesi tuwrısındaği namunaviyNizam, Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 24.12.2021 jıldaği PQ-60, PQ-61 –san qararlarina tiykarlanip islep shıgılğan Qaraqalpaqstan medicina instituti (keyingi orınlarda "QMI" yamasa "Institut" dep júritiledi) Ilimiy keńesi iskerligin shólkemlestiriw tartibin belgileydi.

1. 2. Bul NızamQMI Ilimiy Keńesi ushın tiykarğı normativ hújjetlerden biri esaplanadı.

QMI nıń iskerligine tiyisli tiykarğı máselelerdi kórip shıǵıw ushın rektor basshılığında institut Ilimiy keńesi shólkemlestiriledi.

1. 3. Nızam boyınsha Ilimiy Keńes quramına rektor, prorektorlar, fakultet dekanları, joqarı oqıw ornınıń quramına kiriwshi ğárezsiz mekeme hám oraylardıń direktorları, qániygeler tayarlawshı kafedralar baslıqları, sonday-aq, filial talabaları hám xızmetkerleri, kásiplik awqamnıń wakilleri kiriwi múmkin. Ilimiy

Keńestıń basqa aǵzaları fakultettıń ulıwma májlisinde jasırın dawıs beriw menen saylanadı.Professor-oqıtıwshılar quramınan Ilimiy Keńeske saylanıwshı aǵzalardıń sanı rektordıń buyrıǵı menen belgilenedi.Ilimiy Keńes quramına kórnekli ilimpazlar, qániygeler, sonday-aq, sırt ellerdegi oqıw orınlarınıń wákilleride kiriwi múmkin. Aǵzaliq múddeti - 5 jıl.

1. 4. Ilimiy keńes quramı QMI rektorınıń buyrıǵı menen tastıyıqlanadi. Hár oqıw jılınıń basında, túrli sebeplerge kóre Ilimiy keńes quramınan shıqqanlar ornına, jańa aǵzalar saylanadı yamasa qaǵıyda boyınsha kiritiledi. Ilimiy keńes aǵzaları basqa jumısqa ótken táǵdirde, onıń ornına tayınlanǵan shaxs lawazımına kóre aǵzalar quramına kiritiledi.

2. Ilimiy keńestiń maqset hám wazıypaları

2. 1. Ilimiy keńestiń maqseti - Joqarıoqıwornıjámáátinińháreketleritómendegimáselelerdiorınlawǵaqaratılǵanisker liktibirlestiriwbolıpesaplanadı.ÓzbekistanRespublikası «Tálimhaqqındaǵı» hám «KadrlartayarlawMilliydástúrihákqındaǵı» nızamlarındabelgilengenwaziypalardıámelgeasırıw, joqarıtálimnińmámleketliktálimstandartıtalaplarıdárejesindejetiliskenbilim, kónlikpelergeiyebolǵanprofessionalqániygelertayarlawǵaqaratılǵanbolıpesaplanadı .

2. 2. QMI nıń Ilimiy keńesi:

-Kadrlar tayarlaw milliy programmasına muwapiq mámleket tálim standartları, oqıw jobaları hám baǵdarlamalarınıń orınlanıwın úyrenip shıǵadı hám de zarur máseleler boyınsha usınıs hám tapsırmalar belgileydi;

-oqıw jobaları, oqıw programmaları, ilmiy tájriybe talapların kásiplik standartlar tiykarında tastıyıqlap, tálim tilin hám de tálim baǵdarları hám qániygelikleri qásiyetlerin inabatqa alǵan halda tálim alıw formasın belgileydi;

-bakalavriat tálim baǵdarları hám magistratura qániygelikleri ushın oqıw dawam etiw waqti múddetlerin belgileydi;

- doktoranturada tólem-kontrakt tiykarında oqıw bahasin belgilew, byudjetten tısqarı aqshalar esabınan grant ajıratıw arqalı doktoranturaǵa tańlaw tiykarında kvotaǵa qosımsha túrde qabıllawdibelgileydi ;

-doktorant hám ǵárezsiz ızleniwshilerge ilimiy basshılıq qılıw tartibini tastıyıqlaydi;

- magistratura basqıshında tálimniń sırtqı, aralıqtan hám keshki formaların engiziw, tálim bağdarları hám qániygelikler boyınsha qos ilmiy tájriybeler, sonday-aq ámeliy ilmiy tájriybeler beriw sistemasın engizdiredi;

- óz-ara kelisimler tiykarında joqarı tálim mákemeleri menen akademikalıq mobillikti ámelge asıradı ;

-QMI jáne onıń strukturasındağı tálim mákemeleri ushın óz grifi tiykarında sabaqlıqlar hám de tağı basqa oqıw hám ilimiy ádebiyatlardı jaratıw hám baspadanshigaradi;

-tálim sapası ishki baqlaw mexanizmlerin belgileydi hám engizdiredi;

-iskerliginiń tiykarğı bağdarı tálim, ilim, onıń nátiyjelerin engiziw hám de kommerciyalastırıw menen baylanıslı bolğan, mámleket byudjeti qarjları esabınan finanslantirilmaytugin strukturalar, kommerciya hám kommerciyalıq bolmağan shólkemlerdi shólkemlestiredi;

-joqarı tálim mákemeleri ushın belgilengen normativliklerge qaramastan QMI niń strukturasın tastıyıqlaydi hám shtat birlikleri sanın belgileydi;

-miynet bazarındağı mútajlikten kelip shıǵıp, jańa tálim bağdarları hám qánigeliklerdi ashadı, ámeldegi tálim bağdarları hám de qániygeliklerdi tamamlaydi ;

-pedagog hám basqa xızmetkerlerdi jumısqa qabıllaydi, jumistan azat etiw hám ishki rotatsiyasina tiyisli tártipti belgileydi;

-shet el mámleket puqaraların tólem-kontrakt tiykarında oqıwġa qabıllaydi hám aralıqtan oqıtıw formasında oqıtıwdı shólkemlestiredi.

- Ministrler Mákemesi, ministrlik (mekeme) larnin tómendegi wákilliklerin tálim mákemelerine ótkeriw:

sırt el puqaralarina oqıwın shet el joqarı tálim mákemelerinden respublika mámleket joqarı tálim mákemelerine kóshiriw;

joqarı tálim shólkemi qabıl komissiyası baslıǵı hám juwapker xatkerin, sonıń menen birge, joqarı tálim shólkemi tárepinen ótkeriletuǵın imtixanlar boyınsha qabıl komissiyası baslıǵı hám aǵzaları, imtixanlar kestesi, imtixan alınatuǵın pánler programmaları hám bahalaw kriteryaların tastıyıqlaw ;

joqarı, orta arnawlı hám professional tálim mákemelerinde tálim alıwshılardıń ámeliyattı otaw tartibini tastıyıqlaw jáne onı shólkemlestiriw;

-institut rawajlanıwınıń jıllıq hám perspektivalı jobaların tastıyıqlaydı, materiallıq-texnikalıq támiynat hám finanslıq -xojalıq iskerligi nátiyjelerin talqılaydı hám de tiyisli qararlardı qabıl etedi;

-fakultet hám kafedralardı ashıw, tamamlaw, ózgertiw, sonıń menen birge Marketing hám studentler ámeliyatı bólimi usınısların esapqa alǵan halda jańa bakalavriat baǵdarları hám magistratura qániygelikleri boyınsha kadrlar tayarlawdı jolǵa qoyıw yamasa toqtatıw menen baylanıslı máseleler boyınsha qarar qabıl etedi;

-professor, docent ilimiy ataǵın alıwǵa umtılıp atırǵan izleniwshilerdiń hújjetlerin kórip shıǵadı hám belgilengen tártipte ilimiy ataqqa tastıyıqlawǵa usınıs etedi;

-QMI pitkeriwshileri hámde professor -oqıtıwshılarınıń anglichan tilin biliwlerin támiyinlew hám kompyuter texnologiyaları, Internetten paydalana alıwları boyınsha tayansh kónlikpelerdi qáliplestiriw máselelerin talqılaydi hám ilajlar belgileydi;

-tálim processiniń oqıw ádebiyatları menen támiyinlengenligi, jańa áwlad sabaqlıq hám oqıw qollanbalari, sonıń menen birge innovaciyalıq tálim texnologiyaların qóllawǵa tiykarlanǵan oqıw -metodik komplekslerdi tayarlaw hám baspadan shıgarıw máselelerin talqılaydi;

-doktorant, tayansh doktorant hám ǵárezsiz ızleniwshi institutlarına kandidatlardı usınıs etedi, olardıń jeke jobaları hám dissertaciyaları temaların tastıyıqlaydı ;

-intalı studentler qatarınan hám professor -oqıtıwshılar quramınan kandidatlardı "El-jurt umidi" fondları arqalı shet el joqarı tálim mákemelerinde bilimlerdi jetilistiriwge ham stajirovka ótiwge usınıs etedi,

-QMI intalı studentleri hám stajer-izertlewshi - ızleniwshileri qatarınan Ózbekstan Respublikası Prezidenti Mámleket stipendiyası hám ataqlı mámleket stipendiyaları tańlawında qatnasatuǵın kandidatlardı usınıs etedi;

-"Salamat áwlad ushın" fondı menen sheriklikte studentlerdiń dene tárbiyası hám olardıń den sawlıqların jáne de jaqsılaw boyınsha ilajlar islep shıǵadı ;

-tiykarǵı buyırtpashı shólkem, kárxana hám mákemeler menen korporativ sheriklikti rawajlandırıw, materiallıq-texnikalıq bazanı bekkemlew hám de

joqarı, orta arnawlı hám professional tálim mákemelerinde ishki tártip qağıydaları, atap aytqanda tálim alıwshılardıń kiyim-basına tiyisli talaplardı belgilew.

b) Ministrler Mákemesiniń joqarı, orta arnawlı hám professional bilimlendiriw tarawı dağı tómendegi wákilliklerin Joqarı hám orta arnawlı bilimlendiriw Ministirligine (keyingi orınlarda — Ministrlik) ótkeriw:

joqarı, orta arnawlı hám professional tálim mákemelerinde oqıtılatuğın tálim bağdarları, qánigelikler hám kásipler dizimin tastıyıqlaw ;

bakalavriat tálim bağdarları hám magistratura qánigelikleri boyınsha oqıw dawam etiw waqtidıń eń kem múddetlerin belgilew;

keshki, sırtqı hám aralıqtan oqıtıw forması engizilbeytuğın bakalavriat tálim bağdarları hám magistratura qánigeliklerin belgilew;

sabaqlıqlar, oqıw hám ilimiy ádebiyatlardı tayarlaw, baspa etiw tartibini, sonıń menen birge, olardı jetkiziwge hám olardan tálim shólkemlerinde paydalanıwğa qoyılatuğın talaplardı belgilew;

tálim mákemelerine salıstırğanda materiallıq-texnikalıq, infratuzilmaviy hám parametrik talaplardı belgilew;

v) ilimiy keńes ağzalarınıń yarımınan ko'pi usı keńesti dúzgen tálim shólkemi (ilimiy shólkem) de iskerlik jurgiziwshi ilimpazlardan ibarat bolıwı haqqındağı talaptı bıykarlaw.

3.Gúzetiw keńesi óz wákilliklerin joqarı tálim shólkemi keńesine tapsırıwğa, sonıń menen birge, joqarı tálim shólkemi keńesine kiretuğın kepilliklerdi óz moynına alıwğa haqılı

-fakultetlerdiń oqıw, ilimiy-izertlewhámruwxıy -bilimlendiriwjumısları tuwrısındağı, akademikalıqliceyler, institutqasındağı ilimiyjámiyetlerdiń iskerligituwrısındağı, qabılkomissiyasınıń qabılnátiyjelerituwrısındağı, sonıń menenbirgeMarketinghámstudentler ámeliyatı bólimitárepinenpitkeriwshiqániygelergebolğanmútajligi, buyırtpashı . shólkemlermenensheriklikbaylanısları tuwrısındağı esabatlarınesitedihámdetiyisliqararqabıletedi;

-ilimiy-izertlew, ruwxıyliq -bilimlendiriw jumıslar jobaları atqarılıwı, professor - oqıtıwshılar quramınıń bilimlerdi jetilistiriw hám qayta tayarlaw máselelerin talqılaydı hamde tiyisli qararlardı qabıl etedi;

studentlerdiń qaniygelik ámeliyatı natiyjeliligin asırıw máselelerin talqılaydi hám olardı jaqsılaw boyınsha usınıslar islep shıǵadı ;

-shet el mámleketleriniń joqarı tálim mákemeleri menen sheriklik baylanıslarıın ornatıw boyınsha qararlar qabıl etedi;

-tálim xızmetleri menen shuǵıllanatuǵın kishi kárxanalar, firma hám kurslar iskerligi haqqında basshılardıń esabatların esitedi hám de tiyisli qarar qabıl etedi;

-institut studentleri hám xızmetkerleriniń texnika qawipsizligi hám miynet qáwipsizligin jetilistiriw boyınsha ilajlardı belgileydi.

3. Ilimiy keńes iskerligin shólkemlestiriw

3. 1. Ilimiy keńes óz iskerligin hár oqıw jılı ushın islep shıǵılatuǵın rejege muwapıq ámelge asıradı.Ilimiy keńes jobası Ilimiy keńes tárepinen kórip shıǵılǵanınan keyin institut rektori tárepinen tastıyıqlanadı. QMI nıń oqıw, ilimiy-metodik, ilimiy-izertlew, ruwxıy -bilimlendiriw hám shólkemlestirilgen jumıslarǵa tiyisli barlıq máseleler boyınsha Ilimiy keńes qararları ashıq dawıs beriw tártibinde kópshiliktiń dawısı menen qabıl etiledi. Ilimiy keńes jıynalısı onıń quramındaǵı aǵzalardıń 2/3 bólegi qatnasqandaǵana haqıyqıy esaplanadı.

Professor -oqıtıwshılar quramı lawazımların iyelew hám de professor yamasa docent ilimiy ataqların beriw boyınsha ótkeriletuǵın tańlawlar hám usınıslar juzesinen qararlar jabıq dawıs beriw jolı menen belgilengen tártipte qabıl etiledi.

3. 2. Ilimiy keńes qararları QMI rektori tárepinen tastıyıqlanǵanınan keyin kúshke kiredi.

3. 3. Ilimiy keńes jıynalısı protokol menen rásmiylestiriledi.Protokol Ilimiy keńes baslıǵı hám ilimiy xatkeri tárepinen imzalanadi.

3. 4. Ilimiy keńes baslıǵı úzliksiz túrde ilimiy keńes qararlarınıń orınlanıwı boyınsha tekseriwlerdi sholkemlestiredi hám Ilimiy keńes aǵzalarına olardıń nátiyjeleri haqqında maǵliwmat beredi.

4. Juwmaqlawshı qaǵıydalar

4. 1. Bul Nızamnıń ámel qılıw múddeti dawamında oǵan ózgeris hám qosımshalar kirgiziw nızamshılıq tiykarında belgilengen tártipte ámelge asırıladı hám rásmiylestiriledi.